

CCELL

- Bay konsèy ak fè kòmantè sou règleman edikasyon oswa enstriksyon ki gen pou wè avèk pwogran Anglè kòm dezyèm lang
- Pibliye yon rapò anyèl sou efikasite distri vil la sou fason li ofri sèvis pou kominote elèv Konsèy la reprezante a
- Òganize omwen yon reyinyon chak mwa kote piblik la envite pou diskite sou pwoblèm kominote elèv ke Konsèy la reprezante ap konfwonte.

CCSE

- Bay konsèy ak fè kòmantè sou règleman edikasyon oswa enstriksyon ki gen pou wè avèk fason yo bay sèvis pou elèv ki gen andikap
- Pibliye yon rapò anyèl sou efikasite distri vil la sou fason li ofri sèvis pou kominote elèv Konsèy la reprezante a
- Òganize omwen yon reyinyon chak mwa kote piblik la envite pou diskite sou pwoblèm kominote elèv ke Konsèy la reprezante ap konfwonte.

KONSÈY D75

- Bay konsèy ak fè kòmantè sou règleman edikasyon oswa enstriksyon ki gen pou wè avèk sèvis yo bay nan Distri 75.
- Pibliye yon rapò anyèl sou efikasite distri vil la sou fason li ofri sèvis pou kominote elèv Konsèy la reprezante a
- Òganize omwen yon reyinyon chak mwa kote piblik la envite pou diskite sou pwoblèm kominote elèv ke Konsèy la reprezante ap konfwonte.

Dat enpòtan

13 fevriye – 13 mas:

Aplike pou fè pati yon Konsèy Edikasyon

8 avril – 25 avril:

Fowòm kandida

1ye me – 14 me:

Vòt moun k ap fè seleksyon yo

Pou plis enfòmasyon ad èd:

Konsèy Edikasyon

Ou ka jwenn yo nan
www.schools.nyc.gov/Offices/CEC/

Enfòmasyon sou Pwosesis seleksyon

Ou ka jwenn yo nan
www.nycparentleaders.org

Si w gen nenpòt lòt kesyon,
pa ezite kontakte

Division of Family and Community Engagement at

CECSelectionprocess@schools.nyc.gov or
212.374.4118



Division of Family and Community Engagement
Paran ak Fanmi

T&I- 18496 (Haitian Creole)



Elijiblite ak Responsablite Konsèy Edikasyon an

GID 2013



nycparentleaders.org

Kisa Konsèy Edikasyon ye?

Konsèy Edikasyon kominote a oswa Vil la se òganis ki la pou pran desizyon k ap ede fòme règleman ak priyorite edikasyon nan distri yo.

Manm Konsèy Edikasyon se paran volontè ki founi lidèchip ak sipò pou lekòl leta kominote yo.

Kiyès ki elijib *pou yo nan yon Konsèy Edikasyon Kominote *Community (District) Education Council (CEC)*?

**Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandida pou yon pòs nan yon konsèy edikasyon.*

Paran elèv ki nan klas matènèl rive 8yèm ane ki nan yon lekòl nan yon lekòl ki anba jiridiksyon distri lekòl kominote kote paran yo vle vin manm nan CEC a.

Kisa yon manm CEC fè?

- Ankouraje aplikasyon nòm ofisyèl edikasyon ak objektif onivo enstriksyon elèv;
- Patisipe nan trening ak pwogram continuing education;
- Apwouve limit pou tabli zòn chak lekòl ke sipèntandan an soumèt;
- Kontwole pwogram edikasyon distri a epi evalye efè yo sou rezilta elèv;
- Òganize reyinyon omwen chak mwa avèk sipèntandan an ak piblik la anjeneral pou diskite sitiyasyon aktyèl lekòl yo nan distri a.

Kiyès ki elijib* pou yo nan yon Konsèy Vil la pou Edikasyon?

**Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandida pou yon pòs nan yon konsèy edikasyon.*

Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal *Citywide Council on Special Education (CCSE)*:

Paran elèv ki gen IEP k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan moman an ke Depatman Edikasyon *Department of Education (DOE)* ofri ak/oswa peye.

Konsèy Distri 75 (D75):

Paran elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan moman an nan yon lekòl dostri 75.

Konsèy Vil la pou Lekòl *Segondè Citywide Council on High Schools (CCHS)*:

Paran elèv ki nan lekòl segondè kounye a elijib pou yo manm CCHS la.

Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann lang anglè *Citywide Council on English Language Learners (CCELL)*:

Paran elèv ki nan yon pwogram bileng oswa ESL ke Depatman Edikasyon ofri.

Kisa yon manm Konsèy Vil la fè?

CCHS

- Bay konsèy ak fè kòmantè sou règleman edikasyon oswa enstriksyon ki gen pou wè avèk elèv nan lekòl segondè.
- Pibliye yon rapò anyèl sou efikasite distri vil la sou fason li ofri sèvis pou kominote elèv Konsèy la reprezante a
- Òganize omwen yon reyinyon chak mwa kote piblik la envite pou diskite sou pwoblèm kominote elèv ke Konsèy la reprezante ap konfwonte.